

## BAB III


### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan naon waé anu patalina jeung métode panalungtikan, nyaéta (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber panalungtikan, (3) instrumén panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, jeung (5) téhnik ngolah data.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Panalungtikan ngeunaan Prinsip Kasopanan jeung Sipat Omongan dina Novél *Surat Wasiat* Karya Samsoedi ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga maksud jeung tujuan pikeun maham fénoména ngeunaan naon anu kaalaman ku subjek panalungtikan, misalna tindakan, paripolah, sawangan, motivasi jrrd. (Moleong, 2017, kc. 6). Ieu panalungtikan ogé ngagunakeun métode déskriptif kalawan ngadéskripsikeyun paguneman anu kaasup kana prinsip kasopanan jeung sipay omongan nu aya dina novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi. Métode déskriptif nyaéta métode anu digunakeun ngaliwatan méré gambaran atawa ngajéntrékeun naon anu geus dilakukeun tur nganalisis ngagunakeun hiji penghayatan ngeunaan hiji interaksi sacara émpiris. (Mardalis, 2017, kc. 26)

Sakumaha anu didadarkeun di luhur ngeunaan pamarekan jeung métode ieu panalungtikan, sangkan méré gambaran anu jelas ngeunaan kagiatan anu baris dilaksanakeun boh nu acan karandapan boh nu geus karandapan, tangtuna butuh nu ngarana desain panalungtikan. Desain panalungtikan mangrupa pedaran anu umum ngeunaan proses atawa léngkah-léngkah anu bakal dipilampah dina panalungtikan nu bakal lumangsung. Anapon léngkah-léngkah tina ieu panalungtikan nyaéta 1) Néangan jeung niténan pasualaan ngeunaan prinsip kasopanan; 2) Ngumpulkeun data tina objék panalungtikan nyaéta paguneman nu aya tina novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi. Data anu dikumpulkeun ngagunakeun kartu data salaku 19nstrument panalungtikan; 3) Data anu geus kapanggih dipasing-pasing dumasar kana rumusan masalah; 4) Nganalisis data; 5) Ngadéskripsikeyun data kalawan jéntré dumasar kana wangun paguneman, maksim peinsip kasopanan, jeung sipay omongan. Desain ieu panalungtikan bisa digambarkeun di handap ieu.




Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta wangun téks paguneman nu ngandung prinsip kasopanan dina novél *Surat Wasiat*. Data anu kapanggih dicangking tina sumber data. Arikunto (2010, kc. 171) nétélakeun yén sumber data nyaéta subjek ti mana data dimeunangkeun. Sumber data ieu

panalungtikan nyaéta novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi. Novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi mangrupa wedalan PT Kiblat Utama. Citakan ka-1 na bulan Novémber taun 2012. Ieu novél ngawengku dalapan bagian kalawan 54 kaca;21 cm. Novél *Surat Wasiat* nyaritakeun hiji budak ngarana Sunyoto anu ngumbara ka Jogja rék néang akina anu katelah boga usaha batik anu kawéntar di Jogja, sakumaha *Surat Wasiat* ti bapana anu dititipkeun ka Pa Murdiam salaku bapa angkatna. Kahirupan di Jogja tangtuna teu babari, kaleungitan duit, dikaluarkeun di pagawéanna, dipitnah, jeung loba kajadian anu bisa dijadikeun bahan pieunteungen.



Gambar 3.1

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sugiyono (2017, kc. 224) nétélakeun yén téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah-léngkah anu paling strategis tina lumangsungna panalungtikan, kusabab tujuan utama tina panluntingkan nyaéta meunangkeun data, panalungtik anu teu apal kana téhnik ngumpulkeun data moal bisa meunangkeun data anu saluyu jeung standar anu geus ditangtuken. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun tina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka nyaéta kagiatan maluruh, niténan, sarta ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung panalungtikan anu dilakukeun. Téhnik ngumpulkeun data anu dilakukeun tina ieu panalungtikan ku cara maca sumber data nyaéta novél *Surat Wasiat* Karya Samsoedi kalawan dibarengan ku data-data lianna anu patali jeung panalungtikan.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina panalungtikan dilaksanakeun saperti ieu di handap.

- a. Nangtukeun sumber data nu baris ditalungtik.
- b. Maca sagemblengna novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi.
- c. Nyirian omongan (kalimah) anu dijadikeun data analisis.
- d. Nyalin daftar data paguneman kana tabél kartu data digital.
- e. Nyieun daftar data paguneman anu aya tina sumber data.

### **3.4 Téhnik Ngolah Data**

Sabada data nu rék ditalungtik geus kajaring, éta data téh diolah sangkan bisa dicindekkeun ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung tina wacana anu dicutat. Bugin (2010, kc. 163) nétélakeun yén analisis wacana nyaéta salah sahiji cara maham kana makna atawa pesen anu rék ditepikeun tina hiji wacana. Unsur anu dianalisina nyaéta paguneman anu ngukuhan jeung ngarempak prinsip kasopanan, maksim prinsip kasopanan jeung sipat omongan Léngkah-léngkah tina nganalisis datana saperti ieu di handap.

- a. Niténan deui data paguneman nu geus dikumpulkeun tina kartu data.
- b. Nyieun papasingan data dumasar kana prinsip kasopanan anu ngukuhan jeung nu ngarempak, papasingan prinsip kasopanan tur sipat omonganna.
- c. Nganalisis data prinsip kasopanan jeung sipat omongan dina novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi.
- d. Ngadéksripsikeun prinsip jeung sipat omongan dina novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi.
- e. Naspirkeun prinsip jeung sipat omongan dina novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi.
- f. Nyindekkeun tina hasil olah data.

### **3.5 Instrumén Panalungtikan**

Tina prosés kagiatan panalungtikan tangtuna kudu sistematis. Hartina, rék kahontal atawa henteuna masalah anu karandapana tina hiji panalungtikan kudu bisa dipikanyaho kalawan pasti sangkan aya bongbolongna. Ku kituna, dibutuhkeun hiji alat ukur anu bisa digunakeun. Alat ukur anu digunakeun tina panalungtikan sering disebut instrumen penelitian (Kurniawan, 2021, kc. 1)

Instrumen panalungtikan mangrupa alat pikeun ngarojong panalungtik tina ngumpulkeun data tina éta panalungtikan. Sugiyono (2017, kc. 102) nétélakeun yén alat ukur tina panalungtikan biasana disebut instrumen panalungtikan. Jadi instrumén panalungtikan nyaéta salah sahiji alat pikeun ngukur fenoména alam atawa sosial anu ditalungtik. Anapon instrumén tina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Ieu kartu data digunakeun miboga tujuan sangkan data anu geus kajaring babari diolah, leuwih lengkep, leuwih sistematis, tur leuwih taliti. Kartu digital anu digunakeun saperti ieu dihandap.

Tabé1 3.1  
Data Omongan dina Wangun Paguneman

No Data	Data Paguneman	Kode Data
P.001	Pa Murdiam :"Keun baé entong dijieuun pikir, da geus bawa ti kudrat, najan pégo asal jadi jelema bageur, pinter, cageur, akur jeung jujur baé geus tangtu berkah salamet."	(SW/5/23)

Keterangan:

P.001 : Paguneman no 001

SW : Judul buku nyaéta *Surat Wasiat*

5 : Kaca ka 5

23 : Jajaran ka 23

Dumasar kana kartu data di luhur, tuluy disusun format analisis data prinsip kasopanan anu ngukuhan jeung ngarempak.

Tabel 3.2  
Data Omongan Anu Ngukuhan jeung Ngarempak

No Data	Data Paguneman	Prinsip Kasopanan	
		Ngukuhan	Ngarempak
P.003	Wa Arsim: "Diam, Akang téh teu kira-kira waé watirna ka anjeun, bet dijueungkeunana téh éta awak beuki lila beuki rusak baé...." (SW/6/31)	✓	

P.003 : Paguneman no 003

SW : Judul buku nyaéta *Surat Wasiat*

6 : Kaca ka 6

31 : Jajaran ka 31

Dumasar kana kartu data di luhur tuluy dianalisis kana papasingan maksim prinsip kasopanan.

Tabel 3.3

Omongan nu Ngukuhan Maksim Kasopanan

No Data	Data Paguneman	Prinsip Kasopanan					
		KW	KT	PC	KS	BL	HA
P.042	Jongos: “Is, atuh kaleresan, apan Akang ogé urang Sunda, ti Tasikmalaya.” (SW/16/17)	✓					

Tabel 3.4

Omongan nu Ngarempak Maksim Kasopanan

No Data	Data Paguneman	Prinsip Kasopanan					
		KW	KT	PC	KS	BL	HA
P.002	Wa Arsim: “Naon néang dokter? heueuh nya manéh mah atoh mun bapa manéh dibelék téh, da ngarah téreh maot!” (SW/7/6)			✓			

Keterangan:

KW : Kawijaksanaan

KT : Katumarima

PC : Pancocog

KS : Kasimpatian

BL : Balabah

HA : Handap asor

Dumasar kana kartu data di luhur tuluy dianalisis kana sipat omongan anu aya tina paguneman.

Table 3.5  
Data sipat omongan

No Data	Data Paguneman	Sipat Omongan			
		L	TL	LIT	ILIT
P.001	Pa Murdiam :"Keun baé entong dijieuun pikir, da geus bawa ti kudrat, najan pégo asal jadi jelema bageur, pinter, cageur, akur jeung jujur baé geus tangtu berkah salamet." (SW/5/23)				✓

Keterangan:

L : Omongan langsung

TL : Omongan teu langsung

LIT : Omongan Literal

ILIT : Omongan Iliteral